

# NGOKOLAKEUN KELAS NU EFEKTIF

ku: Usep Kuswari

## A. Purwacarita

Tujuan nu hayang dihontal dina unggal kagiatan pembelajaran boh nu sifatna instruksional boh tujuan nu ngadeudeul kana sasaran atawa target bisa dihontal sacara optimal lamun bisa nyiptakeun jeung nguatan kondisi nu nguntungkeun pikeun murid. Kondisi nu dirarancang jeung diusahakeun ku guru sacara dihaja pikeun nyingkahan tina kondisi nu ngarugikeun (usaha preventif) sarta kudu balik deui kana kondisi anu optimal lamun kaalaman kajadian nu bakal ngaruksak eta kondisi lantaran dibalukarkeun ku paripolah murid di kelas (usaha kuratif). Usaha guru sangkan eta kondisi nu dipiharep teh efektif, lamun (1) guru mikanyaho sacara nyata faktor-faktor yang bias ngarojong kondisi nu nguntungkeun dina pembelajaran, (2) guru mikanyaho pasualan-pasualan nu diprediksi bakal jeung biasana muncul jeung bias ngaruksak iklim pembelajaran, sarta (3) guru ngangking rupaning pamarekan dina ngokolakeun kelas jeung mikanyaho iraha jeung pikeun masalah mana eta pamarekan bias digunakeun.

## B. Pasualan-pasualan dina Ngokolakeun Kelas

Aya dua pasualan dina ngokolakeun kelas, nya eta masalah individu jeung masalah kelompok. Rudolf Dreikus & Pearl Cassel ngabedakeun aya opat pasualan dina ngokolakeun kelas, nya eta (1) paripolah nu hayang meunangkeun perhatian jalma sejen (*attention getting behaviour*), (2) paripolah nu hayang nembongkeun kakuatan (*power seeking behaviour*), (3) paripolah nu tujuanana pikeun nganyenyeri jalma sejen (*revenge seeking behaviour*), (4) nembongkeun kateumampuhan.

Lois V. Johnson & Mary A. Banu nyebutkeun genep kategori masalah kelompok, nya eta (a) kelas kurang kohesif, (b) kelas mereaksi negatif, (c) ngagegedekeun atawa ngagugulukeun nu ngarempak aturan kelas, (d) kelompok leuwih gampang dirobah perhatianana tina papancen nu keur digarap, (e) sumangat diajar handap, sarta (f) kelas kurang mampug nyaluyukeun jeung kaayaan atawa situasi nu anyar.

### **C. Tarekah Preventif dina Ngokolakeun Kelas**

Naon nu bisa dilaksanakeun ku guru? Tindakan ngokolakeun kelas teh nya eta tindakan nu dilaksanakeun ku guru dina raraga nyiptakeun kondisi nu optimal sangkan kagiatan pembelajaran lumangsung efektif. Tindakan preventif teh mangrupa tindakan nyingkahan kondisi kelas nu miboga masalah anu ngawujud ku cara nyadiakeun kondisi boh fisik boh kondisi sosio-emosional nu ahirna murid ngarasa betah, aman, resep, jeung teu ngarasa dipaksa.

Aya dua dimensi dina ngokokaleun kelas, nya eta dimensi korektif jeung dimensi pencegahan. Dimensi korektif aya dua tindakan, nya eta tindakan nu sakuduna geuwat dilakukeun ku guru dina waktu kajadian gangguan jeung tindakan ngubar, nya eta tindakan pikeun ngubar paripolah anu mengpar tinda aturan tur eta kajadian ulah diantep salilana.

Dimensi penecagahan bisa mangrupa tindakan guru dina ngatur lingkungan diajar, ngatur sarana jeung prasarana diajar, sasrta ngatur lingkungan sosio-emosional.

#### **1. Kondisi jeung Situasi Pembelajaran**

Kondisi jeung situasi pembelajaran teh aya tilu hal, nya eta (a) kondisi fisik, (b) kondisi sosio-emosional, jeung kondisi organisasional.

Lingkungan fisik teh ngawengku (1) ruangan tempat diajar, (2) ngatur tempat diuk, (3) ventilasi jeung pengaturan cahaya, (4) pengaturan tempat neundeun barang; sedengkeun kondisi sosio-emosional mah ngawngku (1) tipe kapamingpinan, (2) sikep guru, (3) suara guru, (4) pembinaan raport. Kondisi organisasional ngawengku (1) penggantian mata pelajaran, (2) guru nu teu datang, (3) masalah antarmurid, (4) upacara bendera, (5) jeung kagiatan lainna.

#### **2. Disiplin jeung Tata Tertib**

Disiplin ngawengku sagala rupa pangaruh nu muncul pikeun ngabantu murid sangkan paham jeung bisa nyaluyukeun diri kana pamaredih lingkunganana sarta cara ngarengsekeun pamaredih nu mungkin nu hayang dipikahayang ku murid. Nangtukeun disiplin henteu salilana ngurangan kabebasan jeung kamerdekaan murid,

tapi sabalikna pikeun mere kamerdakaan nu leuwih bebas ka murid dina wates-wates kamampuhnya.

a. Sumber-sumber nu Ngarumpak Disiplin

Maslow nepikeun tiori "Hirarki kebutuhan manusia" dina wangun piramida kebutuh manusa, anu eusina ngawengku ti panghandapna nya eta (1) kabutuh fisik (*physical Needs*), nya eta kabutuh dasar manusia, saperti dahar, nginum, fisik, jrrd.; (2) kabutuh rasa aman (*security and saefy*) boh fisik boh rasa; (3) kabutuh rasa kanyaah (*love and belonging*); (4) kabutuh kana harga diri atawa rasa salinghormat (*respect of self esteen*); (5) kabutuh kana pangaweruh jeung pamahaman (*knowledge and under standing*); (6) kabutuh kana kaendajaan jeung aktualisasi dirina (*beauty and self actualization*).

b. Ngungkulan nu Ngarempak Disiplin

Aya sababaraha cara pikeun ngungkulan kumaha nu ngarempak disiplin, nya eta (1) guru kudu wanoh jeung deuheus pisan kana karakter jeung kayaan murid, (2) *interes-inevntory*, cara nu mangrupa sajumlah pananya ngeunaan buku naon nu dibaca, hobyna, favoritna, jeung kagiatan nu dpikaresep ku murid, (3) sosiogram, pikeun mikanyaho persepsi murid dina hubungan sosial-psikologis jeung babaturan, (4) *fredback latter*, murid dititah nyieun karangan atawa surat ngeunaan rasaan jeung kahayang ka sakola.

c. Ngalaksanakeun Tindakan Koreksi

Kegiatan ngokolakeun kelas bisa nitenan tinimbangan-tinimbangan: (1) ngalaksanakeun tindakan lain mere ceramah, (2) *do not bergain*, guru kudu geuwat ngeureunkeun murid nu ngalakukeun kasalahan, (3) ngagunakeun kontrol gawe, (4) pancegkeun aturan jeung konsekuensina.

#### **D. Administrasi Tehnik**

Administrasi tehnik bakal mangaruhan kana ngokolakeun proses diajar-ngajar. Adminstrasi teh ngawengku (1) absensi, (2) ruang bimbingan, (3) tempat baca, (4) tempat sampah, (5) catetan pribadi.

## **E. Pamarekan dina Ngokolakeun Kelas**

Aya opat pamaerkan dina ngokolakeun kelas, nya eta (1) *Behaviour-Modification*, (2) *Socio-Emotional-Climate Approach*, (3) *Group-Processess Approach*, jeung (4) *Eclectic Approach*.

### 1. *Behaviour-Modification*

Ieu pamarekan teh didasaran tina tiori psikologi nu asumsina (1) sakabeh paripolah nu alus jeung nu goring mangrupa hasil diajar, (2) proses psikologi nu fundamental nya eta penguatan positif (*positive reinforcement*), hukuman jeung penghapusan (*extinction*), jeung panguatan negatif (*negative reinforcement*).

### 2. *Socio-Emotional-Climate Approach*

Pamarekan ngokolakeun kelas didasaran ku psikologi klinis jeung konseling, anu asumsina nya eta (a) proses pembelajaran nu efektif kudu ngandung iklim sosio-esomosomal nu hade jeung (2) guru miboga posisi nu penting dina ngawangun iklim sosio-emosional.

Carl A. Rogers netelakeun yen guru kudu miboga sikep nu iklas di hareupeun murid, narima jeung ngahargaan murid salaku manusa, jeung ngarti tur paham kana kaayaan murid.

### 3. *Group-Processess Approach*

Ricahrd A. Shmuck & Patricia A. Schmuck nyebutkan aya genep unsur dina ngokolakeun kelas, nya eta (1) harepan tina timbal-balik paripolah murid, (2) kapamingpinan nu hade, (3) pola sahabat atawa sobat, (4) nanjeurkeun norma atawa aturan, (5) ayana komunikasi nu efektif, sarta (6) *cohesiveness*, nya eta miboga rasa hubungan anu hamronis di antara naggota kelompok murid.

### 4. *Eclectic Approach*

Pamarekan eklektik nya eta kagiatan guru dina (1) ngawasa pamarekan-pamarekan ngokolakeun kelas nu cocog jeung (2) bias milih pamarekan yang cocog jeung bias ngalaksanakeunana.

